3. Ҳотамов Н., Саримсақов Б. Адабиётшунослик терминларининг русша-ўзбекча изоҳли луғати. – Тошкент: «Ўқитувчи», 1979.
4. Қуронов Д., Мамажанов С., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. – Тошкент: «Akademnashr», 2013.
5. Пахратдинов Ә., Өтемуратова Ҳ. XIX әсирдиң ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. (хрестоматия) – Нөкис: «Билим», 1995.
6. Халық шайырлары. Қосықлар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997.
7. Абдиқәдир Бекимбет улы. Таңламалы қосықлары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1966.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада халқ шоирлари ижодидаги сатира таҳлил қилинган. Бекжон, Сидиқ, Абдиқодир, Жанабой каби халқ шоирлари ижодидаги сатирик асарларнинг ғоявий мазмуни, бадиийлиги атлофича ўрганилган. Асарлардаги айрим инсонларнинг ҳулқ-атворидаги нуқсонлар, ёлғон гапириш, уғрилик, касбини суистеъмол қилиш каби салбий иллатларининг танқид қилиниши мисоллар ёрдамида очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется сатира в творчестве народных поэтов. Подробно изучены идейное содержание и художественность сатирических произведений таких народных поэтов, как Бекджон, Сидик, Абдикодир, Жанабай. С помощью примеров раскрывается критика отрицательных пороков некоторых людей в произведениях, таких как недостатки характера, ложь, воровство, злоупотребление профессией.

**SUMMARY.** The article analyzes satire in the works of folk poets. The ideological content and srtistry of satirical works by folk poets such as Bekjon, Sidiq, Abdiqodir, Janaboy have been thoroughly studied. Criticism of the negative vices of come people in the works, such as lying, stealing, abuse of their profession, is revealed with the help of examples.

## ЖИЙЕНБАЙ ИЗБАСҚАНОВ ЛИРИКАСЫНДА ГҮЗГИ ПЕЙЗАЖДЫҢ СҮЎРЕТЛЕНИЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**А.Досымбетова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** пейзаж тасвири, пейзаж лирикаси, куз пейзажи, пейзаж образлари, табиат ҳодисалари.
**Ключевые слова:** пейзажное изображение, пейзажная лирика, осенний пейзаж, пейзажные образы, природные виды.
**Key words:** landscape drawing, landscape lyric(s), autumn landscape, landscape images, natural views.

Қарақалпақ поэзиясында өзиниң дөретиўшилик жолына, жекке стилине ийе шайыр Ж.Избасқанов, әсиресе, пейзаж лирикасының шебери, «тәбият жыршысы» сыпатында белгили. Шайырдың түрлише эстетикалық мақсетлери пейзаждың көркем шығармадағы өзине тән өзиншеликлерин жүзеге шығарғанлығын көремиз. Оның қосықлары терең лиризмге, сығасқан ой толғанысларына, образлы сүўретлеўлерге қурылған болып, каракалпақ поэзиясын идея-тематикалық, жанрлық ҳәм формалық жақтан еле де байытты. Биз бул мақалада шайырдың пейзаж лирикасының өзгешеликлерин оның қосықларындағы гүзги пейзажды сүўретлеўлери мысалында үйрениўди мақсет етип қойдық.

Ж.Избасқанов поэзиясы бойынша илимпазлар тәрепинен бир қатар илимий мақалалар жәрияланып, оларда шайыр поэзиясының анаў яки мынаў өзиншеликлери теориялық көзқарастан үйрениледи [1]. Деген менен, шайырдың пейзаж лирикасының арнаўлы үйренилмегенлиги бизиң темамыздың актуаллығын сыпатлайды.

Ж.Избасқановтың пейзаж лирикасында мәўсимлик тәбият көринислерин сүўретлеўге айрықша итибар қаратылады. Шайыр қыс, бәҳәр, жаз, гүз мәўсимлерине байланыслы тәбият көринислерин, мәўсимлерге байланыслы тәбияттың қубылыўларын сүўретлей отырып, лирикалық қаҳарманның түрли руўхый кеширмелер ҳалатын сәўлелендиреди. Бунда жыл пасылларына тән тәбият қубылыслары арқалы лирикалық қаҳарманның кеўил кейпияты, руўхый кеширмелери, характерли белгилери ашылады. Қыс мәўсиминдеги аппақ қар арқалы лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясының пәклигин, гиршиксиз таза сезимлерин, сыйдамланып қалған таллар арқалы өмир ҳаққындағы көзқарасларын береди. Ал, бәҳәр мәўсимине байланыслы көбинесе, жаўын жаўыў қубылысы, әсиресе, мөлдир тамшылар арқалы тәбияттың, пүтин әтираптың, инсан руўхый дүньясының жаңаланыўы ҳаққындағы ой- толғаныслар бериледи. Шайыр жаз тәбияты арқалы Ағжап жағалығында ойнап өскен балалығын сағыныў, туўылған жерин сүйиўшилик сезимлерин сәўлелендиреди. Булардың бәринде де өмирге куштар, гөззаллыққа қумар, тәбият қубылыслары менен сырласа алатуғын сезимтал лирикалық қаҳарманлар жаратылған.

Шайыр лирикасында жыл пасылларының ишинде гүз мәўсими сүўретленетуғын қосықлары көбирек ушырасып, олардың ҳәр биринде пейзажлық сүўретлеўлер айрықшалыққа ийе.

Поэзияда гүз пасылы, көбинесе, өмирдиң кеш мәўритлерин, яғный инсан өмириниң соңғы пайытларын, сондай-ақ, сағынышты, айралықты бериўде сүўретленетуғыны белгили. Ал, Ж.Избасқанов лирикасында гүзги тәбият көринислериниң көркем эстетикалық хызмети өзиншеликке ийе. Шайыр гүз мәўсимине үмитлер пасылы, тынық сезимлер пасылы сыпатында жаңаша поэтикалық ўазыйпалар жүклейди. Дәстүрий мазмунына байланыслы, көбинесе, лирикалық қаҳарманның муңлы, қайғылы, дәртли кеўил кейпиятын бериў ушын қолланылатуғын гүзги пейзаж Ж.Избасқанов дөретиўшилигинде жаңаша мазмунға, семантикалық көптүрлиликке ийе болды. Шайыр дәстүрий сүўретлеўдиң жаңа тәреплерин жүзеге келтиреди, гүз арқалы лирикалық қаҳарманның руўхый ҳалатын айдынластыра отырып, жаңаша көркем сүўретлеўлерди жүзеге келтиреди.

Шайырдың «Сентябрим – сағынышлы айым» қосықлар дүркинине киритилген барлық қосықларында, сондай-ақ, «Гүз», «Әтирапта гүз», «Гүзде шырт үзилген», «Гүз рапсодиясы», «Гүзги ақшам», «Жапырақлар», «Гүз мақтаўы», «Алтын гүз» ҳәм басқа қосықларында гүзги тәбият көринислеринен лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелерин бериў усылы сыпатында пайдаланған.

«Сентябрим – сағынышлы айым» қосықлар дүркининде гүз мәўсимине, айрықша, сентябрь айына жанлы образ сыпатында қатнас жасалады.

Сентябрим – сағынышлы айым,
Көптен күткен ашығым яңлы,
Шире толы сениң шырайың,
Тебирендирип кетер қыялды.
Ырасында лебиң мен ушын,
Шыпабағыш бальзамнан зыят!
Қандай сулыў кейпиң, келисиң,
Қандай сырлы мына тәбият! [2:65]

Шайыр қосықта гүз паслының өзине тән тәбийий көринислерин образлы сәўлелендиреди. Лирикалық қаҳарман гүзди, әсиресе, әтирапқа сарғыш рең жаңа енисип, тәбият өзгеше түске дөнип киятырған мәҳәл – сентябрь айын унатады, сағынып күтеди. Шайыр гүз паслының басқалар ескере бермейтуғын тынықлығын, ширелилигин, жанға жағымлылығын, сулыў кейпин,

сыйқырлы көринисин аңлайды ҳәм оларды жәмлестирип, жанлы поэтикалық образды жүзеге келтиреди. Сентябрь айындағы тәбиятты образлы бериў ушын оған жанлы нәрсе, яғный инсан тәризинде («ашығым») мүнәсибет билдиреди.

Қуштарланып күтермен сени,
Бар ықласым менен күтермен,
Толықсып кеп жанымның шери,
Сен ҳаққында қосық питермен.
Ирeңлериң енисип кетер,
Йош тасқыны ағылып,
Бирден,
Қосықларым келисип кетер,
Жазы бойы жазылмай жүрген! [2:66]

Бул қосық қатарларында гүз шайырға дөретиўшилик илҳам бериўши пасыл, оның жүрегине қозғаў салып, жаңа дөретпелер жазыўына түртки болатуғын мәўсим сыпатында сәўлеленеди. Бунда пейзажлық сүўретлеўлер арқалы шайыр образындағы лирикалық қаҳарманның характерине тән сыпатлары айдынласады. Ол тәбиятына бола «шаўқым сүренли, тәшўиши мол» жазға салыстырғанда гүз мәўсимин унатады, гүз тәбиятын, гүз реңлерин сүйеди. Лирикалық қаҳарман гүздеги әтирaптың сарғыш тартқан келбетинен басқалар сезбеген сулыўлықты, терең мазмунды, ойшаң кейипти аңлайды ҳәм усы ҳалат оның руўхый дүньясында күшли тебиренислерди пайда етеди. Гүздеги салқын ҳаўа, сарғыш рең лирикалық қаҳарман қәлбиндеги тынық сезимлер менен уғрас, гүз тәбияты лирикалық қаҳарманның тәбияты менен мазмунлас.

Ж.Избасқанов лирикасында гүзги тәбият көринислериниң көркемлик хызметлери түрлише. Ол гейде дәстүрийлик тийкарында, инсан өмириниң жаслықтан соңғы пайытларын берсе, гейде, инсаныйлық туйғылардың көринислери сыпатында сәўлеленеди. Демек, шайыр пейзажлық көринислерге түрли идеялық ҳәм көркемлик ўазыйпалар жүклейди. Ж.Избасқановтың лирикалық қаҳарманы, көбинесе, гүз пасылының муңлы кейпинен өзин жырақ услайды. Керисинше, ол гүздиң келбетинен, гүзги тәбият көринислеринен басқаша руўхый кеширмелерге, ой- толғанысларына бериледи. Шайыр гүзги пейзаж арқалы өмириниң жаслық пайытлары өтип кеткенинен руўхы түскен лирикалық қаҳарманды емес, ал ойшаң, жаңа сезимлер, руўхый толғанислар қурсаўындағы лирикалық қаҳарманды жаратады. «Сентябрим – сағынышлы айым» дүркининдеги қосықларда гүз пасылының сақыйлығы, сыйқырлығы, тынықлылығы лирикалық қаҳарманның руўхыяты арқалы сезилип турады.

Ж.Избасқановтың дөретиўшилик изленислеринде бир өзгешелик айқын көзге тасланады. Бул оның ўақыяларды, қубылысларды көркем сәўлелендириў шеберлиги болып есапланады. Әтирaптағы қубылысларды терең интеллектуаллық, даўамлы ойшаңлық пенен сүўретлеў, усы процессте туўылған пикир ҳәм туйғылардың тек шыңын, ҳәўижлениў точкасын, синтезин сәўлелендириў шайырдың көркем мазмунды жаратыўдағы баслы белгиси болып есапланады.

«Гүз рапсодиясы» қосығында лирикалық қаҳарманның кеўил кеширмелери, айралықтан тартқан азаплы дәртлери, яр дийдарын аңсаўшы кейпияты гүзги тәбият қубылыслары арқалы бериледи.

Үмит – ертеңги таң
Гүз жаңбыры–
Гүздиң ырайы
Жубатқысы келип,
Кеўилим аўлаған.
Сен – таң мисли
Келерсең. Сонда–
Батар алдындағы қуяштың
Бозғылт шапағы–
Мениң көзжасларым
күлки аралас… [ 3:69]

Лирикалық қаҳарманның ышқы-муҳаббатқа байланыслы болған кеўил кейпияты «гүз жаңбыры» ҳәм «гүздиң ырайы» әтирапына жәмлеп берилген. Гүз тәбиятының қубылмалы болғаны сыяқлы лирикалық қаҳарманның руўхый ҳалаты да қубылмалы. Ол гүз мәўсимине үмитлер пасылы сыпатында қарайды. Кеўил дүньясын қаплаған қапашылықтың гүз жаңбыры менен жуўылып кетиўин қәлейди. Шайыр лирикалық қаҳарманның ишки дүньясындағы арпалысларды, қарама-қарсылықларды, муҳаббаттың азаплы ҳәм татлы тилсимин «күлки аралас көз жас» арқалы образлы сәўлелендиреди. Әсиресе, лирикалық қаҳарманның сағыныш, айралық азаплары қыйнап атырса да сүйген ярының келиўине үмит етип атырған руўхый ҳалатын «Батар алдындағы қуяштың бозғылт шапағы»на мегзетилиўи оғада табыслы шыққан. Батар алдындағы қуяш өзиниң бозғылт шапағы менен әтирапқа өзгеше сулыўлық бағышлайды ҳәм күнниң тамамланып атырғанын аңлатады. Сол сыяқлы лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясын да муҳаббатқа ерисиў ушын болған соңғы үмит-тилеклери, умтылыслары беземекте. Шайыр пейзажлық образлар жәрдеминде кең ҳәм терең пикирлеўге қурылған поэтикалық мазмунды қысқа ҳәм ықшам қатарларға жәмлей алады. Лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясын ләрзеге салған күшли толғанислар, сағыныш азаплары гүз тәбияты арқалы сәўлеленген.

Инсанның руўхый кеширмелерин гүз тәбияты арқалы бериўди шайырдың киши лирикалық формаларында да ушыратыў мүмкин.

Жылтылдысы гүзги сайлардың,
Жапырақлардың қубылыўындай,
Мениң әрманыма айландың. [3:455]

Бунда лирикалық қаҳарманның терең руўхый толғанислары үш қатарға жәмлестирилип берилген. Бир қарағанда лирикалық қаҳарманның ой-кеширмелериниң төркинин аңлаў қыйын сыяқлы, шайыр оны гүзги пейзажлық көринислерге орап, қыпсалап бергендей сезиледи. Шайыр қубылысларды, кеширмелерди «гүзги сайлардың жылтылдысы», «жапырақлардың қубылыўы» сыяқлы тәбийий қубылысларға көшириў арқалы эмоциональ сәўлелендиреди. Бунда психологиялық параллелизм усылынан пайдаланылған. Психологиялық параллелизмде инсанның кеўил кеширмелери тәбият пенен параллель тәризде сүўретленеди. Аристотельдиң пикиринше, «Инсан басқа мақлуқлардан өзиниң уқсатыў қәбилетине ийе екенлиги менен де парықланады, ҳәтте, дәслепки билимлерди ол уқсатыўлардан алады» [4:15]. Жоқарыдағы үшликтиң мазмунында лирикалық қаҳарман өз кеширмелерине тәбияттан уқсатыў, салыстырыў, дәлийл излеп атырған сыяқлы. Усылайынша ол айралықтан соңғы дәртли, сағынышлы сезимлерин гүздеги тәбият көринислери арқалы сәўлелендиреди.

«Алмаларға уқсас ойларым» деп басланатуғын қосықта да лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелерин гүзги тәбият көринислери арқалы сәўлеленген.

Гүз жылыслар. Кеўип сайларым.
Шақаларда бәри де қалмас.
Яки көклей үзиўге болмас.
Алмаларға усар ойларым. [3:65]

Шайыр лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелерин, ой-толғанисларын гүз мәўсиминдеги писип жетилиспей-ақ, көклей үзилип атырған алмаларға салыстырады. Бул шайырдың өзине тән көркем пикирлеўи, сөз мәнилерин қубылтыў шеберлиги, поэтикалық жаңалығы болып есапланады. Лирикалық қаҳарманның руўхый әлемин толғандырып атырған санмың қыяллар оны гүйзелиске түсиреди. Қоршаған орталықтағы түрли ҳәдийселер шайыр санасына тәсир жасайды, онда ҳәр қыйлы ой дизбеклерин пайда етеди, бирақ олардың бәри лириканың мазмунына айланып үлгермеген. Шайыр өзиниң санасындағы, руўхый

дүньясындағы ой-кеширмелерин гүз мәўсиминдеги писпеген алмаларға салыстырады. Ўақтында писип үлгермеген алмалар сыяқлы, шайырдың кеўилиндеги сезим-туйғыларын, пикирлерин санасында писип жетилистирмей турып қосыққа көшириў мүмкин емес. Қосықта шайыр тәбиятлы инсанларға тән болған психологиялық кеширмелер пейзажлық сүўретлеўлер арқалы берилген.

«Гүз ырғақлары» қосығында лирикалық қаҳарманның муҳаббатқа байланыслы сағынышлы, муңлы сезимлери гүзги пейзажлық көринислер арқалы сәўлеленген.

Уўылжыған сағыныш ҳәм әрман,
Канатында тағы гүз-келин
Самал болып енип таллардан,
Унатарман жапырақ үзгенин.
…Гүзек самаллары ести тағы да,
Тода-тода бултлар көшти тағы да,
Мың-мың жапырақлары, жаңбыр силписи,
Көшти көнлимниң ески бағына [3:415]

Қосықта гүздиң өзине тән тәбиятын «гүз-келинниң қанатында уўылжыған сағыныш ҳәм әрман» менен келиўи ҳәм оның «самалға енип жапырақ үзиўи» сыяқлы көркем пикирлер менен сәўлелендиреди. Гүздиң келиўи лирикалық қаҳарманның қәлбине қозғаў салып, сағыныш ҳәм әрманларын тербейди. Гүздеги жапырақлардың түсиўинен шайыр өзгеше бир гөззалықты сезинеди ҳәм оны лирикалық қаҳарманның ишки сезимлери арқалы аңлатады («Унатарман жапырақ үзгенин»). Ал, кейинги бәнтте сүўретлеў объекти тәбият көринислеринен лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясына көшириледи. Гүз самаллары менен көшкен «тода-тода бултлар», гүзде төгилип атырған «мың-мың жапырақлар» менен «жаңбыр силписи» лирикалық қаҳарманның «көңлиндеги ески бағын», муҳаббатын аңсаўы тийкарында пайда болған ишки руўхый гүйзелислериниң көркем сәўлелениўи болып табылады. Шайыр усылайынша лирикалық қаҳарманның қәлбиндеги қатпарланып қалған дәртлерин, айралық азабын, бир гездеги сап ышқыны қумсаў сезимлерин береди.

Ж.Избасқановтың пейзаж лирикасын үйрене отырып, гүзги тәбият көринислерине айрықша көркемлик ўазыйпалар жүклегенлигин аңлаймыз. Поэзияда мәўсимлик пейзажлар өзиниң көркемлик өзгешеликлерине, дәстүрий мазмунына ийе. «Бәҳәр» – муҳаббат пасылы сыпатында, «жаз» – инсан өмириниң жаслық дәўириниң, «қыс» – болса қәҳәр-ғәзептиң, қыйыншылықтың тымсалы сыпатында көбирек бериледи. Дәстүрий мазмуны бойынша гүз, көбинесе, адам өмириниң соңғы мәўритлерин, гүз реңи болса сағыныштың, муңлы сезимлердиң көркем көриниси сыпатында қолланылатуғын еди. Ж.Избасқанов дөретиўшилигинде болса, гүзги тәбият көринислери өзиниң жаңаша мазмунына, жаңа семантикалық түрлениўине ийе болды. Шайыр гүз мәўсимине «үмитлер пасылы», «тынық сезимлер пасылы», «дөретиўшилик пасылы» сыяқлы жаңа поэтикалық мазмун, поэтикалық ўазыйпалар жүклейди. Гүздеги қубылыслар арқалы лирикалық қаҳарманның қәлбиндеги кескин өзгерислерди, қубылмалы қубылысларды сәўлелендиреди. Солай етип, шайыр гүзги пейзаждың дәстүрий мазмунын еле де тереңлестирди ҳәм жаңаша көринислер менен байытты.

Жуўмақлап айтқанда, Ж.Избасқановтың гейпара қосықларында гүз тәбияты лирикалық объект сыпатында алынып, оны жанландырыў арқалы өзине тән қубылысларын, реңлерин, инсан руўхый дүньясы менен жақынлығын көркем сәўлелендиреди. Көпшилик қосықларында гүзги тәбият көринислери инсанның психологиялық кеширмелерин, руўхый ҳалаты қубылысларын көркем сәўлелендириў усылы сыпатында қолланылады.

**Әдебиятлар**


1. Мәмбетниязов Т. «Поэзия – турмыс, гүрес ҳәм талпыныў». -Нөкис: 1993; Жәримбетов Қ. Көтериңки рух поэзиясы. /«Устаз жолы», 2000, 11-октябрь; Есенов Ж. Қардың аппақлығы – кеўил пәклиги. /«Еркин Қарақалпақстан», 2008, 23-февраль; Оразымбетов Қ. Пикирлер ағымына сығасқан лирика. /«Еркин Қарақалпақстан», 2000, 5-октябрь; Нуржанов П. Лирика – мениң өмирим, пүтин барлығым. /«Устаз жолы», 2000, 12-октябрь.
2. Избасқанов Ж. Лирика дәптеринен. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1982.
3. Избасқанов Ж. Ақ қуслар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2014.
4. Аристотель. Поэтика. (М.Маҳмудов, У. Түйчиевлар тарж. ). -Т.: Адабиёт ва санъат нашриёти, 1980



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Ж.Избасқанов пейзаж лирикасининг ўзига хос хусусиятлари ўрганилган. Унинг табиат тасвирини ифодалаш маҳорати таҳлилга тортилган. Куздаги табиат тасвири орқали лирик қаҳрамоннинг руҳий кечинмаларини тасвирлаш маҳорат билан тадқиқ қилинган. Кузги пейзажни ифодалашдаги анъанавийлик ва янгича изланишлар ёритилган. Шоирнинг кузги табиатга боғлиқ яратилган бир қанча шеърлари таҳлилга тортилган.

**РЕЗЮМЕ**. В статье исследуются особенности пейзажной лирики Ж.Избасканова. Анализируется его мастерство в изображении природных пейзажей. Исследуется уникальность духовных изменений лирического героя через природные явления осени. Будут представлены традиционные и современные художественные исследования в области использования осенних пейзажей. Анализируется ряд произведений поэта, связанных с осенней природой.

**SUMMARY.** The article explores the peculiarities of landscape lyrics by Zh.Izbaskanov. His skill is analyzed in depicting natural landscapes. The uniqueness of the lyrical protagonist's spiritual apologies is studied through the natural phenomena of autumn. Traditional and modern artistic research will be presented in the use of autumn landscapes. A number of poet’s works are analyzed related to autumn nature.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ «АШЫҚЛЫҚ» ДӘСТАНЛАРЫНЫҢ АТҚАРЫЛЫЎЫ ҲӘМ САҚЛАНЫП ҚАЛЫЎЫНДА ХАЛЫҚ БАҚСЫЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ


**М.М.Есебаев** – *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** достон, генезис, сюжет, мотив, фольклор, вариант, версия, образ, бахши.
**Ключевые слова:** эпос, генезис, сюжет, мотив, фольклор, вариант, версия, образ, бақши.
**Key words:** epic, genesis, plot, motif, folklore, variant, version, image, bakshi.


Үлкен әдебияттың бир тараўы болған қарақалпақ әдебияты өзиниң барлық тарийхый дәўиринде басқа туўысқан халықлар мәденияты менен өз-ара байланыста, бир-бирине тәсир етиў арқалы өсип ҳәм раўажлана отырып, пүткил адамзат мәдениятына өзиниң пайдалы тәсирин тийгизди. Бул тараўда тийкарғы орынды қарақалпақ фольклоры, әдебият тарийхы ийелейди. Жәмийеттиң раўажланыўына байланыслы, көркем сөз тәжирийбесиниң өсиўи, эстетикалық заўықтың жетилисиўи әдебият ҳәм көркем өнердиң ҳәр қыйлы жанрлардың пайда болыўына алып келди.

Усындай халық аўызеки дөретпелериниң үлкен эпикалық жанрларының бири бул дәстанлар болып есапланады. Усы халық дөреткен дәстанлардың қәлиплесиўинде мазмуны ҳәм формасы жағынан пүтин бир дөретпеге айланыўында халықтың арасынан шыққан жыраў-бақсылардың роли жүдә үлкен. Себеби, дәстанларды оның атқарыўшыларынан бөлип алып қараўға